ЧЕЧЕНСКАЯ РЕСПУБЛИКА

МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ
ДЕШАРАН А, 1ИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО

364021, г. Грозный,
ул. им. академика М.Д. Миллионщикова, 67 «а»
тел.: 8 (8712) 22-27-42, факс: 22-51-88
E-mail: mail@mon95.ru
http://www.mon 95.ru
ОКПО 45266617, ОГРН 1022002542737
ИНН/КПП 2020001415/201401001

«05» 04. 2019г. № 764/07-43

На №_______________ от «___» _________ 2019 г.

Нохчийн Республикин
муниципальни кIоштийн,
гIалийн округийн
администрацийн дешаран
урхаллийн куьйгалхошка

Нохчийн Республикин
дешаран а, Iилманан а
Министерствон пачхьалкхан
дешаран учрежденийн
куьйгалхошка

Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а Министерствос довзуьйту регионални этнографически диктант дIаяхьарах лаьцна долу омра.

Юххедиллар: 14-тта агIонехь.

Министр Байханов И.Б.

И.Н. Ойбуев
8712294382

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН
ДЕШАРАН А, ІИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО

# ОМРА

«04» 04 2019 шо №520-п

Соьлжа-ГІала

Регинальни этнографически
диктант дІаяхьарах лаьцна

Нохчийн матте болу безам а, цуьнан вайн дахарехь лелар а совдаккхан, Нохчийн Республикин бахархойн ненан маттах долу хаарш алсамдахан йолчу Іалашонца

ОМРА ДО:

1. 2019 шеран оханан беттан 9 дийнахь «Ненан мотт – иза халкъан юьхь ю, халкъан орам бу» цІе йолу регинальни этнографически диктант (кхин дІа – Диктант) дІаяхьан.
2. Диктант вовшахтохан а, дІаяхьан а Белхан тоба тІечІагІъян (юххедилларе хьаьжжина).
3. Къоман дешаран политикин а, регионашца йолчу уьйрийн отделана Диктант яздарехь методически Іуналла дар тІедилла.
4. Диктант язъен меттигаш Нохчийн Республикин массо а дешаран организациш лара.
5. Муниципальни органийн дешаран урхаллийн куьйгалхошна, Белхан тобанан лехамашца нис а еш, Диктант вовшахтохар а, дІаяхьар а тІедилла.
6. Муниципальни органийн дешаран урхаллийн куьйгалхошка:
а) хІара омра Нохчийн Республикин дешаран организацийн куьйгалхошка дІакхачор;
б) дешархоша а, хьехархоша а, дай-наноша а Диктантехь дакъалацан агІо яр.
7. Омра кхочушдарна тІехь тергояран жоьпалла верг - министран заместитель Усманов А.Р.

КОПИЯ ВЕРНА

Министр И.Б. Байханов

« 04 » 04 2019

Республикански этнографически диктантах йолу

# ПОЛОЖЕНИ

1. Юкъара положениш

1.1. Республикански этнографически диктантах йолчу положенинино (кхин дIа – Положени) республикански этнографически диктантан (кхин дIа – Диктант) Iалашонаш а, иза дIаяхьаран низам а, хьелаш а билгалдоху.

1.2. Диктантан юкъадиллинарг а, вовшахтохархо а Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а Министерство (кхин дIа – Министерство) ю.

1.3. Диктант дIахьош а, цуьнан жамIаш деш а куьйгалла до Вовшахтохараллин комитето.

1.4. Диктант вовшахтохарх а, дIаяхьарх а долу жоьпалла къоман дешаран политикин а, регинальни юкъаметтигийн а отделана а (Султанова З.Хь.), юкъарчу дешаран отделана а (Одаева А.) тIехь ду.

1.5. Диктантан тIедилларш тестийн кепехь долчу 50 хаттарх лаьтта.

1.6. Информационни гIо-накъосталла дар информацин-жамIдаран отделана, регинальни хаамийн гIиршашца цхьаьна, тIедиллина.

1.7. Диктантах лаьцна юьззина йолу информаци Министерствон сайт тIехь ю.

2. Диктант дIаяхьаран Iалашонаш а, лехамаш а, принципаш а

2.1. Диктантан Iалашонаш:

- эхь-бехкаман а, гуманизман а, патриотизман а бух тIехь граждански юкъаралла кхоллар;

- Нохчийн Республикин бахархойн этнографически а, культурологически а, лингвистически а, нохчийн маттах долу хаарийн тIегIа билгалдаккхар;

- ненан маттехула а, литературехула а, Iилманехула а, дийнна схьаэцча, дешарехула халкъан синмехаллаш яржор а, чIагIъяр а.

2.2. Диктантан лехамаш:

- республикин бахархойн лингвистически а, культурологически а хаарийн тIегIа довзар, церан воккха-жималлин а, социальни структурехь дIалоцучу меттиге а хьаьжжина;

- диктантан декъашхошна шайн нохчийн маттах а, литературех а, этнографех, культурологех долчу хаарех дерг билгалдаккхар;

- хаамийн гIирсийн а, нохчийн юкъараллин а меттан, этнографически, культурологически хаарийн проблемашна тIе тидам бахийтар;

- республикан бахархой ненан мотт а, литература а, этнографи а, культурологи а Iаморна тIеберзор;

2.3. Диктант дIаяхьар хIокху принципаш тIехь хIоттийна ду:

- диктант язъярехь дакъалацар шен лаамехь хилар;

- диктант язйар даррехь долчу принцип тIехь хилар – диктант язъеш дакъалаца йиш ю массеран а, воккха-жима хиларца а, дешаран тIегIанах а, социальни статусах а, динан лехамаш кхочушбарах а, гражданаллах а доьзна доцуш;

- диктант язъян аьтто хиларан принцип тIехь – хIора декъашхочунна мехаза диктант язъян бланк а, диктантан тIедахкарш тIехь долу бланк а каралург хилар а, хIора болх толлург хилар а, жамIаш Министерствон сайт тIехь гойтург хилар а;

- компетентностин принцип – диктантан тестийн кепехь долу тIедахкарш кечдеш а, толлуш а дакъалоцуш «Этнографи», «Филологи», «Культурологи» Iилманийн тоьлла говзанчаш хилар;

- хан а, текст а, язъяран низам а, таллам бар а цхьаъ хиларан принцип – диктант массо а муниципальни кIоштийн, гIалийн округийн, пачхьалкхан дешаран организацийн заведенишкахь цхьана дийнахь, цхьана хенахь (московски хенаца) язъеш хилар;

- диктантан декъашхошна цхьатерра чолхалла йолуш долу тIедахкарш дар а, хан ялар а;

- массо а тIедахкарш цхьана «догIанашца» таллар а, цхьана критеришца мах хадор а.

3. Диктантан декъашхой

3.1. Диктантан декъашхо ларало диктантан бланк схьа а эцна, цу тIера тIедахкарш кхочуш а дина, таллам бан иза дIаелларг.

3.2. Диктантан декъашхо хилан тарло 14 шо кхаьчна волу муьлхха а Россин Федерацин гражданин, дешаран тIегIанах а, социальни статусах а, динан лехамаш кхочушбарах а, гражданаллах а доьзна доцуш.

4. Меттигийн майданаш

4.1. Диктант дIаяхьаран тIехь юкъара куьйгалла дийриг Министерство ю.

4.2. Диктант меттигийн майданашкахь (школашкахь) дIахьо.

4.3. Диктант язъен бланкаш, ткъа иштта диктант язъяран инструкциш а, тIедилларш тIехь долу бланкаш а (электронни кепехь) меттигерчу майданашка Вовшахтохаран тобанера (Оргкомитет) схьаяхьа.

4.4. Меттигийн майдано диктант вовшахтохар а, дIадахьар а шена тIелоцу. Цунна чудогIу:

- диктантан декъашхошна охьаховша а, язъян а чоь хилийтар;

- диктант язъян луучарна оьшучу барамехь бланкаш кечъяр;

- диктантан хIора декъашхочунна шена-шена номер ялар, шен белхан жамI довзийта;

- диктантан декъашхойн ручкашца а, къоламашца а (оьшуш хилахь) кхачо яр;

- диктант дIаяхьарах лаьцна сарташ а, видео а яккхар (тароне хьаьжжина);

- дешаран декъехь урхалла деш йолчу муниципальни органаша (гIалийн округаша) оханан беттан 9 дийнахь (18 сахьт даллалц) меттигера майданашкара (школашкара) схьадеъначу протоколашна жамIаш а дина, диктантан декъашхойн рейтинг а хIоттийна, уггаре дукха баллаш яьхна декъашхо билгал воккхуш долу протокол Министерствон къоман дешаран политикин а, регионални юкъаметтигийн а отделан (Султанова З.Хь.) электронни адрес тIе (nac.otdel@mail.ru) оханан беттан 19 дийнахь, 2 сахьт далале, дIадахьийтар.

4.5. Диктантан бланкаш еш а, канцелярски товараш оьцуш а, оргтехникех а, гӀишлойх а пайдаэцарх а еш йолу харжаш меттигера майда шена чохь йолчу дешаран организацин шен чоьтах хуьлу.

5. Диктант вовшахтохар а, дӀаяхьар а

5.1. Диктант цхьана дийнахь – 2019 шеран оханан беттан 9 дийнахь дӀахьур ю. ДӀайолаялар 10 сахьт даьлча (московски хенаца).

5.2. Диктант язъяр 2-на сохьтехь хир ду.

5.3. Диктант юккъе 50 тестийн кепехь долу тӀедиллар догӀу.

5.4. Ерииге а баллаш – 50 (хӀора тестана цхьацца балл).

5.5. Диктантан белхан мотт – нохчийн.

5.6. ХӀора меттиган майданахь диктантан кечамбарна а, дӀадахьарна а жоьпалла волу цхьацца стаг хӀоттаво.

5.7. Диктант дӀадолалуш хӀора декъашхочунна диктантан тӀедилларш тӀехь долу зорбатоьхна бланк а ло, диктант язъяран барта инструкци а йо.

5.8. ХӀора диктантан декъашхочунна шен-шена идентификационни номер ло. И номер диктант язъеш йолчу бланк тӀехь дӀаязйо, иза схьаоьцучу хенахь.

5.9. ДегӀана сакхт болчу декъашхошна диктант язъен хан яхъян тарло (церан дехарца).

5.10. Диктантан декъашхоша болх шаьш бо, арахьара гӀо доцуш. Диктант язъеш книгех, конспектех, Интернетах, кхечу технически гӀирсех пайдаэцар дихкина ду, мобильни зӀенах бист кхаччалца. И бехкамаш ца ларбина диктантан декъашхо араваккха а, цуьнан белхан жамӀаш ца лара а бакъо ю.

5.11. Талларан болх бан дӀаелла диктантан бланкашна рецензи а ца йо, юха а ца ерзайо. Апелляци яр лерина дац.

5.12. Диктантан жамӀаш, нийса жоьпаш а гойтуш, Министерствон сайт тӀе туху.

5.13. ХӀора диктант яздар вовшахтоьхначу меттигерачу майданна (школина) Баркаллин кехатца совгӀат до.

5.14. Диктантан жамӀийн лорах, 2019 шеран гӀуран беттан 30-гӀа де кхачале, Нохчийн Республикин бахархойн этнографически хаарш билгалдохуш муниципальни кӀошташкахь, гӀалийн округашкахь, пачхьалкхан дешаран организацишкахь диктант дӀаяхьарах лаьцна хьесапдаран отчет а йо, ненан меттан, литературин, культурологин, этнологин дешаран программаш юккъехь хийцамаш баран хьокъехь рекомендациш а йо.



# «НЕНАН МОТТ – ИЗА ХАЛКЪАН ЮЬХЬ Ю, ХАЛКЪАН ОРАМ БУ»

## ЦIЕ ЙОЛУ

## РЕГИОНАЛЬНИ ТОТАЛЬНИ ДИКТАНТ

## Нохчийн меттан тесташ

1. **25-гІа апрель нохчийн меттан Де хилар дІакхайкхийна:**
    1) 2007-чу шарахь;
    2) 2008-чу шарахь;
    3) 2010-чу шарахь;
    4) 2013-чу шарахь.
2. **Нохчийн х1инцалера алфавит х1оттийна ю:**
    1) оьрсийн алфавитан буха т1ехь;
    2) латинийн алфавитан буха т1ехь;
    3) 1аьрбийн алфавитан буха т1ехь;
    4) гуьржийн алфавитан буха т1ехь.
3. **Нохчийн абатехь ду:**
    1) 33 элп;
    2) 36 элп;
    3) 47 элп;
    4) 49 элп.
4. **Х1ара дош шина орамах кхолладелла ду:**
    1) т1ехтохам;
    2) охьакхеттарг;
    3) хьехархо;
    4) малхбале.
5. **Х1ара дош схьадалаза ду:**
    1) кхаллар;
    2) дошам;
    3) толам;
    4) хьолт1ам.
6. **Х1ара дешнаш синонимаш ду:**
    1) чорда – ховха;
    2) дуьра – теза;
    3) меллаша – маса;
    4) хатт – сацкъар.
7. **Х1инцалера вайн алфавит т1еэцна:**
    1) 1920 шарахь;
    2) 1925 шарахь;
    3) 1938 шарахь;
    4) 1927 шарахь.
8. **Х1окху дашехь шалха элп ду:**
    1) б1ов;
    2) ж1ов;
    3) д1овш;
    4) ц1ов.
9. **Х1окху дашехь шала шалха ши элп ду:**
    1) кхокха;
    2) ц1уьхьар;
    3) к1ожам;
    4) воккха.
10. **Х1окху предложенехь хила деза дешан чаккхенгахь «*а*»:**
    1) Сацита кест-кеста шен совг1ате хьож… .
    2) Со даима хьож… сайн дош кхочушдан.
    3) 1айшат дика хьож… шен жимахволчу вешига.
    4) Арара схьаеттало зезагийн хаза хьож... .

**11. Х1окху дашца дакъалг «*ца*» къаьстина язйо:**
1) ца (там);
2) ца (аьлларг);
3) ца (теша);
4) ца (дешар).

**12. Х1окху вариантехь ю газетийн, журналийн ц1ераш:**
1) Даймохк, Орга, стела1ад, вайнах;
2) Терк, Невре, Соьлжа, Марта;
3) илли, эшар, пондар, вота;
4) «Даймохк», «Орга», «Стела1ад», «Вайнах».

**13. Х1ара дош суффиксан г1оьнца кхолладелла ду:**
1) воттана;
2) вотанча;
3) вотангар;
4) верта.

**14. Х1окху вариантехь хила деза чаккхенгахь «*у*»:**
1) Мохьмада дика тус… мангал;
2) Мангал тус… дагахь вара Ахьмад;
3) Болх болабале мангал тус… кхиира к1ант;
4) Мангал тус… охьахиира Мохьмад.

**15. Билгалдаха дуьхь-дуьхьал маь1на долу дешнаш (антонимаш):**
1) комаьрша – саьхьара;
2) исбаьхьалла – хазалла;
3) кхаллар – бепиг;
4) къулла – хьоста.

**16. Муьлхачу вариантехь хила деза дешан чаккхенгахь «*а*»?**
1) Доттаг1чо делла тур юкъах доьхк… к1анта.
2) Жимачу Адама юкъах доьхк… дихкира.
3) Нанас йоь1ан ч1абанех бантик доьхк… .
4) Бабас х1ора шарахь таьллангаца г1одамаш доьхк… .

**17. Билгалдаккха тІадамийн метта «*и*» элп хІотто деза дош:**
1) кх…там;
2) с…бат;
3) т…рахь;
4) ч…рма.

**18. Х1окху дашехь хила еза «*ь*»:**
1) т1ах…аьлла;
2) шек…яьлла;
3) цец…яьлла;
4) чекх…яьлла.

**19. Х1ара подлежащи грамматически ду:**
1) Маликас;
2) Маликана;
3) Малика;
4) Малике.

**20. Х1окху дашца дакъалг «*ца*» цхьаьна яздо:**
1) ца (лаьа);
2) ца (ган);
3) ца (там);
4) ца (луьйш).

**21. Х1окху вариантехь ца дог1у чаккхенгахь «*н*»:**
1) Пхьеро говрана ла… туьйхира.

2) Харцо ла… хала ду.
3) Шега дуьйцучуьнга ла… ца дуг1ура Мурада.
4) Ахьмад шена т1ех1оьттина хало ла… 1емина вара.

**22. Х1ара дешнаш т1еэцна ду:**

1) салават, жам1ат, хьаьрк;
2) доьзал, х1усам, кхерч;
3) бепиг, иччархо, б1аьсте;
4. латта, г1овг1а, тхов.

**23. Меттиган маттах … олу:**

1) лексика;
2) диалект;
3) фонетика.
4) акцент.

**24. *Сан даг т1е сингаттам тосуш, мархашлахь къайлаелира г1арг1улийн …***
**Х1окху предложенехь т1адамийн метта маь1ница дог1у дош билгалдаккха:**

1) жут;
2) ковра;
3) арданг;
4) къепал.

**25. Х1окху вариантехь дац чолхе дош:**

1) сихалла;
2) сингаттам;
3) синкъерам.
4) синтем.

**26. Х1ара дош дефисца яздо:**

1) цец (ваьлла);
2) тап (аьлла);
3) раз (ваьлла);
4) т1ех (ваьлла).

**27. «*Ц1естан к1удал*» дешнийн цхьаьнакхетарехь билгалдашо гойту:**

1) х1ума долахь хилар;
2) х1уманан меттиг;
3) х1ума стенах йина ю;
4) х1уманан мухалла.

**28. Х1ара дош т1еэцна дац:**

1) картол;
2) копаста;
3) корсам;
4) кепек.

**29. Х1окху вариантехь дош цхьана орамах лаьтташ ду:**

1) т1обоккхург;
2) иччархо;
3) бежlу;
4) х1утосург.

**30. Меттан дерриге дешнаш 1амочу 1илманах олу:**

1) грамматика;
2) фонетика;
3) лексикологи;
4) фразеологи.

**31. Х1окху дашца дакъалг «*ца*» цхьаьна яздо:**

1) ца (дуьйцу);
2) ца (дуьйцург);
3) ца (дийцина);

4) ца (дийцинера).

**32. Х1ара 1аламан хилам гойту ц1ердош ду:**
1) барз;
2) герз;
3) дерз;
4) фарз.

**33. Билгалдаккха т1адамийн метта «*аь*» элп х1отто деза дош:**
1) п1…лдиг;
2) м…лх;
3) кх…ча;
4) с…рдал.

**34. «*Маьлк1азан пондар*» дешнийн цхьаьнакхетарехь билгалдашо гойту:**
1) х1ума стенах йина ю;
2) х1уманан меттиг;
3) х1ума хьенан ю;
4) х1уманан мухалла.

**35. Х1окху вариантехь хила ца деза дешан чаккхенгахь шала мукъаза «*лл*»:**
1) х1оттийна ба…;
2) муъста ба…;
3) хелхаран ба…;
4) зазадаьккхина ба... .

**36. Х1ара терахьдош чолхе ду:**
1) кхо эзар;
2) ворх1;
3) ткъе цхьаъ;
4) шовзткъа.

**37. *… хьийзара Хелисат, ша йолчу хьошалг1а Забу еана аьлла.***
**Х1окху предложенехь маь1ница йог1у фразеологизм билгалъяккха:**
1) хье юккъе шад а х1оттийна;
2) чот йоьхна;
3) кулла т1е моьлкъа баьлча санна;
4) ворх1 велча санна.

**38. Х1окху вариантехь ду долахь ц1ердош:**
1) Шайхи;
2) шоршал;
3) ширдолаг;
4) шагат1улг.

**39. *Хьуьнан йистехь ц1аьххьана гучуелира берзалойн … .***
**Х1окху предложенехь т1адамийн метта маь1ница дог1у дош билгалдаккха:**
1) къепал;
2) рема;
3) арданг;
4) ковра.

**40. Билгалдаккха т1адамийн метта «*уь*» элп х1отто деза дош:**
1) ч1…рам;
2) б…рам;
3) г1…далкх;
4) т…нталг.

## Нохчийн литературин тесташ

1. **Нохчийн маттахь арадолучу литературин-исбаьхьаллин журналан ц1е ю:**
   1) «Вайнах»;
   2) «Орга»;
   3) «Таллам»;
   4) «Кхиам».

2. **Нохчийн г1араяьлла поэтесса Ахматова Раиса 24 шарахь Нохч-Г1алг1айн республикин яздархойн Союзан председателан даржехь лаьттина. Оцу дарже и дуьххьара хаьржина:**
   1) 1961-чу шарахь;
   2) 1965-чу шарахь;
   3) 1957-чу шарахь:
   4) 1955-чу шарахь.

3. **Нохчийн маттахь Алма-Атахь 1955-чу шарахь арадаьллачу газетан ц1е яра:**
   1) «Серло»;
   2) «Маршо»;
   3) «Даймохк»;
   4) «Къинхьегаман байракх».

4. **Нохчийн поэтан Мамакаев 1аьрбин ц1арах музей ю:**
   1) Олхазар-к1отарахь;
   2) Мескетахь;
   3) Лаха-Неврехь;
   4) Т1ехьа-Мартант1ехь.

5. **1923-чу шарахь дуьххьарлера дийцар яздинарг ву:**
   1) Айсханов Шамсудди.
   2) Арсанов Саь1ид-Бей.
   3) Сальмурзаев Мохьмад.
   4) Ошаев Халид.

6. **Нохчийн яздархойн Союзан правленин председатель ву:**
   1) Ахмадов Муса;
   2) Бексултанов Муса;
   3) Ибрагимов Канта;
   4) Мамакаев Эдуард.

7. **Муьлхачу нохчийн яздархочун ц1арах ю нохчийн къоман коьрта библиотека:**
   1) Бадуев Саь1ид-Салихьан;
   2) Мамакаев Іаьрбин;
   3) Айдамиров Абузаран;
   4) Ахматова Раисин.

8. **Нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархо лору:**
   1) Айдамиров Абузар;
   2) Бадуев Саь1ид-Салихь;
   3) Сальмурзаев Мохьмад;
   4) Айсханов Шамсудди.

9. **Дуьххьарлера нохчийн абат «*Нохчийн джуз ду х1ара*» х1оттийнарг ву:**
   1) Досов Къеда;
   2) Эльдарханов Таьштамар;
   3) Ошаев Халид;
   4) Солтаханов Эльбек.

**10.**

***«… Даим со хьегначу Ц1е-Берде г1ой,***
***Цуьнга б1аьрг тохалаш, аьтту хилахь.***
***Цигахь диънера ас бераллин той,***

*Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь…»*

**Х1окху мог1анийн автор ву:**

1) Мамакаев Мохьмад;
2) Гадаев Мохьмад-Салахь;
3) Мамакаев 1аьрби;
4) Сулаев Мохьмад.

**11. Мамакаев 1аьрбин «*Нохчийн лаьмнашкахь*» ц1е йолчу поэмин коьрта турпалхо ю:**

1) Бесират;
2) Селехьат;
3) Мелимат;
4) Жеме1ат.

**12.**

***«Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,***
***Хьо винчу ненан мотт д1атесна ахь.***
***«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ!» –***
***Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь».***

**Х1окху мог1анийн автор ву:**

1) Кибиев Мусбек;
2) Гацаев Саь1ид;
3) Арсанукаев Шайхи;
4) Саидов Билал.

**13. Вайн махкахь берашна лерина арадолучу журналан ц1е ю:**
1) «Орга»;
2) «Вайнах»;
3) «Стела1ад»;
4) «Нана».

**14. «*Нохчийн г1иллакх-оьздангалла*» ц1е йолчу 1аматан автор ву:**
1) Джамбеков Ша1рани;
2) Мунаев Исма1ал;
3) Бексултанов Муса;
4) Ахмадов Муса.

**15. Айдамиров Абузаран дуьххьарлера говзар арайьлла:**
1) «Серло» газетехь;
2) «Колхозан дахар» газетехь;
3) «Къинхьегаман байракх» газетехь;
4) «Ленинан некъ» газетехь.

**16. «*Нохчийн мотт уггаре а хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь*».**

**Х1окху дешнийн автор ву:**

1) Афанасий Фет;
2) Лев Толстой;
3) Максим Горький;
4) Михаил Лермонтов.

**17.**

***«Кийрара дог 1ийжаш,***
***Синтем а байна,***
***Лаьттира со, хьоьжуш***
***Мажаре сайн …***
***Ма холчух1оьттира***
***Со, гича сайна***
***Ц1ен огар шен багахь***
***Леш болу сай».***

**Х1окху мог1анийн автор ву:**

1) Ахмадов Муса;
2) Бексултанов Муса;
3) Сулаев Мохьмад;
4) Мусаев Мохьмад.

**18. Нохчийн поэтессин Ахматова Раисин автобиографически поэмин ц1е ю:**

1) «Даймахке сатийсар»;
2) «Дагалецамаш»;
3) «Ненаца дина къамел»;
4) «Дагалецамийн новкъахь».

**19. Берсанов Хож-Ахьмада Советски Союзан Турпалхочух Дачиев Хансолтех лаьцна язйинчу повестан ц1е ю:**

1) «Болатан суй»;
2) «Болатан дог»;
3) «Болатан тур»;
4) «Болатан амал».

**20.**

*«Нохчо ву со, цхьана а къоман*
*къонахчуьнца гамо йоцуш,*
*Махках ваьлла, халкъах хаьдда,*
*декъалхила амал доцуш!»*

**Х1окху мог1анийн автор ву:**

1) Сулаев Мохьмад.
2) Дикаев Мохьмад.
3) Мамакаев Мохьмад.
4) Мусаев Мохьмад.

**Региональни этнографически диктант**

«Ненан мотт – иза халкъан юьхь ю, халкъан орам бу»

***(жоьпийн бланк)***

| | |
|---|---|
| **1.** | |
| **2.** | |
| **3.** | |
| **4.** | |
| **5.** | |
| **6.** | |
| **7.** | |
| **8.** | |
| **9.** | |
| **10.** | |
| **11.** | |
| **12.** | |
| **13.** | |
| **14.** | |
| **15.** | |
| **16.** | |
| **17.** | |
| **18.** | |
| **19.** | |
| **20.** | |
| **21.** | |
| **22.** | |
| **23.** | |
| **24.** | |
| **25.** | |
| **26.** | |
| **27.** | |
| **28.** | |
| **29.** | |
| **30.** | |
| **31.** | |
| **32.** | |
| **33.** | |
| **34.** | |
| **35.** | |
| **36.** | |
| **37.** | |
| **38.** | |
| **39.** | |
| **40.** | |
| **41.** | |
| **42.** | |
| **43.** | |
| **44.** | |
| **45.** | |
| **46.** | |
| **47.** | |
| **48.** | |
| **49.** | |
| **50.** | |

# Майданан жамӀан протокол

**«Этнографически диктант - 2019»**

**«Ненан мотт – иза халкъан юьхь ю, халкъан орам бу»**

| | |
|---|---|
| Майданан цӀе (дешаран организацин) | |
| Майданан адрес | |
| Майданан кураторан фамилий, цӀей, ден цӀей | |
| Майданан кураторан телефон | |
| Майданан кураторан электронни почта | |

**Хьесапдаран хаамаш**

| **Гайтам** | | **МаьӀна** | |
|---|---|---|---|
| юккъера балл | | | балл |
| декъашхойн дукхалла | | | стаг |
| дукхалла Б | | | стаг |
| дукхалла З | | | стаг |
| юккъера хан | | | шо |
| уггаре воккханиг | | | шо |
| уггаре жиманиг | | | шо |

**Майданара куратор: /______________/___________________________________/**

*(куьг)* *(куьг дешар)*

# Муниципальни кIоштехула (гIалин округехула) долу жамIдаран протокол

**«Этнографически диктант - 2019»**

**«Ненан мотт – иза халкъан юьхь ю, халкъан орам бу»**

| | |
|---|---|
| Муниципальни кIоштан (гIалин округан) цIе | |
| Меттиган куратора фамилий, цIей, ден цIей | |
| Меттиган куратора телефон | |
| Меттиган куратора электронни почта | |

| **Муниципальни районехула (гIалин округехула) болу хьесапдаран хаамаш** | | | |
|---|---|---|---|
| **Гайтам** | | **МаьIна** | |
| юккъера балл | | | балл |
| декъашхойн дукхалла | | | стаг |
| дукхалла Б | | | стаг |
| дукхалла З | | | стаг |
| юккъера хан | | | шо |
| уггаре воккханиг | | | шо |
| уггаре жиманиг | | | шо |

**Меттиган куратор /______________/_____________________________________/**

*(куьг)* *(куьг дешар)*